

# PLAN: Mattapan

Prezève. Amelyore. Devlope.

## Priyorite ak Vizyon pou Pwosesis sa a

### Sa nou te tande

Nan mwa Mas, nou te mande manm yo nan kominote a pou konsidere priyorite prensipal yo pou PLAN: Mattapan epi vini avèk yon deklarasyon vizyon. Anba wap jwenn 3 priyorite prensipal yo ke kominote a te idantifye ansanm avèk de priyorite ke ekip planifikasyon Vil la te konsidere entegral nan pwosesis la. Ou pral wè tou deklarasyon vizyon kominote nou an te jenere nan reyinyon mwa Mas la.

### Priyorite



Konsève karaktè bon mache ak establi nan katye a



Konsève kilti ki egziste nan Mattapan



Bay opòtinite pou divèsifye biznis yo



Amelyore opsyon ak eksperyans nan mobilite/ transpò



Idantifye opòtinite pou posede kay pou diferan kalite revni

### Yon Vizyon pou PLAN: Mattapan

Deklarasyon vizyon anba se yon travay pwogrè. Li reprezante tèm komen nan deklarasyon vizyon kominote a pwodui ak anglobe priyorite yo te idantifye yo. Si ou ta renmen korije oswa modifiye deklarasyon sa a, tanpri pran yon kat sou tab la, make koreksyon ou yo nan espas ant liy yo epi depoze nan bwat nou founi an.

Kreye yon katye ki agreyab, dinamik avèk yon varyete opsyon lojman, acha ak opòtinite pou plezi.

Ankouraje ak atire nouvo biznis pou amelyore chwa konsomatè ak devlope ekonomi Mattapan. Amelyore varyete pwogramasyon piblik ki satisfè yon echantyon divèsifye nan popilasyon an pou pak ak nouvo etablisman piblik ki sipòte edikasyon, ar ak espas pwodiksyon.

PLAN: Mattapan pral...

**Ranfòse kilti ki egziste deja ak establi kominote**

**a nan sipòte lojman a bon mache, kreye opòtinite**

**pou biznis yo pwospere, ak amelyore koneksyon pou**

**amelyore eksperyans katye a nan aksede travay ak**

**espas moun ka rasanble.**

Ofri yon kote a bon mache pou viv, avèk aksè nan opòtinite ak biznis ki varye. Mattapan pral genyen pi gwo aksesibilite pou espas vè ak ble. Li pral fasil pou konekte nan lòt katye yo atravè transpò, e li pral yon destinasyon agreyab pou vizitè yo. Mattapan pral ekri pwòp istwa l.

Sipò lojman nan tout nivo revni ak jenerasyon yo, ankouraje divès opòtinite pou yon varyete kalite biznis (nouvo & ansyen), kreye pi bon opòtinite pou koneksyon atravè Mattapan (espas ouvè, pwogram, patenarya, ar & mobilite) pwojè pou fè chanjman pozitif sa yo nan lespas 5 ane.

Bay opòtinite amelyore pou nouvo biznis nan Mattapan ki desèvi plizyè popilasyon; kreye espas rasanbleman ki favorize kominote a, ak amelyore transpò ak mobilite pou kreye pi bon aksè pou moun ale ak soti tounen nan travay, elatriye.